



Archevêque de Montréal

## Nan Non Jezi

*Lèt pastoral pou 375e anivèsè fondasyon Monreyal  
Pou pè yo, dyak yo, moun lavi konsakre yo, fidèl layik yo,  
fanmi yo ak tout moun bòn volonte yo*

Sè ak frè m yo nan Kris la,

17 me 1642, kèk fanm ak kèk gason nan non Jezi te fonde vil Monreyal. Vizyon yo se te pou anonse Jezikri. Ofri yon modèl lavi nan kominote, ak sèvis nan zafè edikasyon ak sante.

Jérôme Le Royer se te yon nonm ki te gen lafwa, yon mari, yon pèd fanmi, se nan tèt li Bondye te mete lide sa a nan ane 1635. Renmen pou simaye levanjil la, te pouse l fonde Sosyete Notredam pou soutni fòmasyon yon kominote katolik nan Monreyal. Kominote sa a te sèvi an menm tan yon sant misyonè, kote moun premye nasyon yo ak fransè yo konn rasanble pou yo pataje nan respè youn pou lòt. Jou ki te 17 me nan ane 1642 gen 2 layik ki te rive Monreyal, non yo se Paul Chomedey de Maisonneuve ak Jeanne Mance ki venerab, yo te gen anpil lafwa ak zèl misyonè, yo te fonde Ville- Marie pou onore non Lavyèj Mari. Pou make aspè espiritiyèl fondasyon an, yo te fè selebre yon mès depi yo te rive.

Nou kapab kwè tout bon vil nou an fonde pa lantrèmiz yon elan mistik ki soutni fòs ak kouraj jenn moun sa yo nan fidelite nan lapriyè, ak espwa nan prezans Bondye. Nou vle sonje evènman pase sa yo pou nou di Granmèt la mès, non sèlman pou kòmansman vil la, men pou tout istwa l, jouk jodi a. Se pousa, tanzantan, kèk kominote relijye gason kon fi bay temwayaj byenveyans ak renmen Bondye. Yon pèp ki gen fèvè pouse.

Nan toude kominote yo, gen anpil moun ki bay temwayaj renmen Kris la pou sila ki pi piti yo, pi pòv yo, pi fèb yo. Fanm ak gason lapriyè ki konsakre lavi yo nan sèvis levanjil la pou byen sè ak frè yo. Pami tout temwen lafwa sa yo, nou rekonèt avèk Legliz temwayaj lavi sen ak gwo sakrifis fondatè kominote relijyez yo kite, se yon gwo eritaj nan istwa kretyèn ak sosyal nou. Jodi a nou kapab priye yo.

Pawas yo vin devlope gras ak konkou fanm ak gason vokasyon diferan, ki te bay lavi yo, pou fòme ak fè grandi kominote ki santre sou Jezikri, kominote ki se kay lapriyè, lekòl lafwa, fanmy solidarite, sous anons prezans Bondye, ak angajman pou sila ki san anyen yo.

Vil Monreyal vin tounen metropòl nou konnen kounye a, yon vil frankofòn, ak bonkou moun ki pale anglè ak lòt lang, kote tout kilti yo rankontre. Gwo Monreyal la vin tounen yon sosyete pliriyèl ki akeyi imigran ki sòti nan tout kontinan, ak divès kalite relijyon ak lafwa, divès kalite kwayans ak konviksyon. Nan yon sosyete ki souvan vle bati tèt li san Bondye, kote lapè se yon bagay ki frajil, defi nouvo evanjelizasyon an anba souf Lespri sen an sonnen tankou yon rèl pou nou al rankontre moun yo, nan dives sityasyon lavi yo, ak nan rekonèt diyite tout moun. Nan padon ak konfyans, nan dyalòg ak rekonsilyasyon, nou dwe chèche panse blese lontan yo, ak lapèrèz jodi yo.

Se apati Ville-Marie vil alantou yo pran nesans e vin devlope. Se pousa fèt fondasyon Monreyal konsène tout lòt vil dyosèz la. Se yon tan espesyal pou nou sonje kote nou sòti. Pou

patisipe nan elan misyonè, espartyèl, kominotè ak sosyal ki te anime mesyedam sa yo. Moun sa yo ki nan non Jezi te kite tout bagay se modèl yo ye pou Legliz lokal la ak pou nou. Yo envite nou pou renouvle lafwa nou nan Jezikri, ak pou bati kominote ki ouvè, kote viv ansanm se yon bagay ki toujou nouvo chak jou. Se yon bèl okazyon pou di Bondye mèsi pou pòsyon wout nou deja fè yo, pou fòtifye relasyon nou ak Granmèt la, renouvle espwa nou pou Legliz ki nan Monreyal la.

Kòm temwen renmen Bondye nan vil la, katolik yo ak kominote katolik yo envite pou yo toujou kontinye gade ak byenveyans tout sitwayen gason kon fanm, nan non lafwa nou. Paske nou tout se moun Bondye kreye, Li kreye nou pòtre ak Li, pou nou antre nan yon kontra ak Li.

Anivèsè sa a se yon moman privejye pou souliye dimansyon espartyèl orijin vil la ak istwa l, aspirasyon pou viv ansanm ki te prezan depi nan kòmansman an, bèl tradisyon solidarite avèk pòv yo, malad yo. Se yon tan lagras pou rasanble pèp Bondye a ki nan Monreyal la avèk fòs lajwa levanjil la ki toujou vivan, toujou aktyèl.

Mwen swete nou tout yon bòn anivèsè, mwen mande Bondye pou l beni Monreyal ak tout dyosèz la, pou nan mizèrikòd li, Li konble nou ak renmen ak verite, + nan non Papa a + ak Pitit la+ ak Lespri Sen an.



† Christian Lépine

Athevèk nan Dyosèz Montréal la

8 desanm 2016, pou fèt Imakile konsepsyon.